

RAJA PATI LAN TINDAK CULIKA SAJRONE CERBUNG KUNCI DHUPLIKAT ANGGITANE

JMV SUNARJO

(Tintingan Sosiologi Sastra)

LEFI YUNIANTIKA

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Lefi,xia5.15@gmail.com

ABSTRAK

Raja pati mujudake asil kadurjanaan sajrone bebrayan. Tumindak kang nuwuhake raja pati kuwi mesthi ana bab-bab tartamtu kang ditindakake wong durjana. Tumindak kang njalari raja pati wis akeh banget sajrone bebrayan, kanthi alesan tartamtu. Panliten iki ngandharake bab raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*.

Panliten iki nduweni underan yaiku (1) Kepriye kalungguhane raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*; (2) Kepriye kaculikan kawedhar sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*; (3) Kepriye raja pati kawedhar sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*; (4) Kepriye raja pati sajrone kanyataning bebrayan. Panliten iki nduweni paedah yaiku nambahi kawruh saka panliten sadurunge, menahi sumbang sih kanggo ngrembakakake kawruh studi sastra, nglestarekake sastra Jawa, menahi sumber informasi ngenani sastra, mujudake sarana kanggo saperangan kawruh lan ketrampilan tumrap panliti.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe kualitatif dheskriptif. Sumbere dhata panliten arupa cerbung *Kunci Dhuplikat*, buku, koran, tv, internet. Dhatane panliten arupa tembung lan ukara kang sesambungan karo underane panliten. Pangumpule dhata nggunakake metodhe studi kapustakan. Kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata digunakake metodhe dheskriptif analisis.

Asile panliten iki diperang dadi papat, kalungguhane raja pati lan tindak culika, perangan kasebut yaiku (1) panindake kaculikan kang diperang dadi loro yaiku menyang dhukun lan tumindak sedheng, (2) panindake raja pati. Kaculikan kawedhar kang diperang dadi loro yaiku (1) poligami minangka sarana; (2) melik nggendhong lali. Raja pati kawedhar kang diperang dadi (1) katrangan saka Pak War; (2) katrangan saka tukang kunci; (3) katrangan saka Jiman; (4) katrangan saka Mbok Nah; (5) miyak kadurjanaan, kang diperang dadi loro yaiku sujana marang durjana lan durjana kapitut. Raja pati sajrone kanyataning bebrayan kang diperang dadi (1) melik donya rajabrana; (2) tumindak culika; (3) menyang dhukun; (4) tumindak sedheng; (5) dhiskusi analisis.

Tembung wigati : raja pati, tindak culika, sosiologi sastra

PURWAKA

LELANDHESANE PANLITEN

Wellek lan Werren (2014:99) njlentrehake yen sastra kuwi nggambarake lan medharake panguripan. Sastra ora bisa dipisahake karo jagade bebrayan. Sastra lan bebrayan kuwi tansah sesambungan. Kabeh perkara-perkara kang dumadi ing saben dina sajrone bebrayan, didadekake bahan karya sastra pangripta. Sastra kuwi bisa nggambarake idhealisme sastrawan kang bisa ngurip-uri ri riptane karyane. Saben manungsa nduweni sipat kang apik lan sipat kang ora apik urip sajrone bebrayan. Gegayutan karo bab kuwi mau, wis cetha yen manungsa nduweni sipat kang beda sajrone bebrayan.

Bebrayan mujudake kekumpulane manungsa kang nduweni sesambungan tartamtu, nduweni kabutuhan kang padha yaiku sandhang, pangan lan papan. Saben

manungsa nduweni sipat kang beda, mula kabeh mau diarani sipat dhasare manungsa.

Babagan kasebut cundhuk karo Martono (2012:1) kang njlentrehake sosiologi sastra mujudake pasinaon ngenani bebrayan sajrone sistem sosial. Sajrone sistem sosial kasebut, bebrayan mesthi wae ngalami owah gingsir. Ora ana bebrayan kang ora ngalami owah gingsir, senadyan bebrayan umum mesthi bakal ngalami sing jenenge owah gingsir. Bab-bab kasebut kang bisa menahi pangaribawa gedhe tumrap apa kang ditindakake manungsa. Samubarang sajrone urip bisa dadi bebakalane reriptan. Reriptan karya sastra, mligine karya sastra Jawa kuwi maneka warna wujud, kayata sastra Jawa klasik, sastra Jawa pertengahan, sastra Jawa pesisiran lan sastra Jawa modern. Gegayutan karo andharan kuwi mau, bakal ngandharake wujud sastra Jawa modern.

Wujud Sastra Jawa modern kuwi maneka warna, kaya kang kapacak sajrone kalawarti. Karya sastra kuwi maneka warna poeticane, ana geguritan, cerkak, novel, cerbung, lsp. Salah siji tuladha kang bakal diandharake iki, sesambungan karo karya sastra cerbung utawa cerita sambung. Wujud karya sastra kuwi sawijine pasinaon kang luwih wiyar lan rowa, saengga nuwuhake bab kang anyar. Nurgiyantoro (2010:2) njlentrehake yen gancaran sajrone kasusastran bisa diarani fiksi, teks naratif utawa wacana naratif. Bab kasebut nduwe teges yen gancaran mujudake crita fiksi kang ora ana bebenere (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2010:2). Tuladhane crita fiksi kasebut yaiku cerbung. Bab-bab kuwi mau dumadi sajrone sastra Jawa. Cundhuk karo bab kuwi mau, ana pangripta kang wis kodhang sajrone sastra Jawa yaiku Suparto Brata. Suparto Brata mujudake pangripta kang miwiti anane genre crita detektif sajrone sastra Jawa. Nalika taun 1956-1957, nate terbit cerbung utawa crita sambung anggitane Soekandar S.G. kanthi irah-irahan *Warisan Macan Kumbang* (Jaya Baya, 18 Maret- 3 Juni 1956) lan cerbung kanthi irah-irahan *Lulus ing Pendadaran* (Jaya Baya, 7 April- 9 Juni 1957) kang ngandharake crita detektif. Ora mung kuwi, Soekandra S.G uga ngripta karya sastra ngenani kadurjanaan lan nuwuhake penyelidhikan salah sawijine paraga utawa polisi. Suparto Brata mujudake sawijine pangripta crita detektif kang produktif sajrone kasusastran Jawa. Gegayutan karo bab kuwi mau, karya sastra kang bakal diandharake iki ngenani crita sambung utawa cerbung.

Wujud crita sambung kuwi dawa lan kaperang dadi pirang-pirang perangan. Crita sambung kuwi wujud luwih rowa, luwih wiyar tinimbang crita cekak utawa cerkak kang pancen wujud cekak ora kaya crita sambung sing luwih akeh crita-critane. Saben crita sambung kuwi mesthi nduweni episode-episode. Cerbung mau lumrahe kapacak sajrone kalawarti-kalawarti basa Jawa kayata kalawarti Jayabaya, Panyebar Semangat lan Joko Lodhang. Tuwuhe crita sambung sajrone sastra Jawa diwiwiti dening kalawarti Panyebar Semangat nalika tanggal 2 September 1933, critane ana bab kang beda antarane kasunyatan sajrone crita fiksi lan kasunyatan sajrone bebrayan. Gegayutan karo cerbung kasebut, ana salah sawijine cerbung kanthi irah-irahan *Kunci Dhuplikat* kang nyritakake raja patilan tindak culika.

Raja Pati lan Tindak Culika sajrone Cerbung Kunci Dhuplikat anggitane JMV Sunarjo kang dicritakake, amarga ana paraga kang nggayuh kepenginane kanthi cara ala, licik lan nyilakani paraga liyane. Raja pati lan tindak culika kuwi ditindakake amarga ana paraga sing kepengin nguwasani bandha, kepengin urip sing penak nanging nyambut gawene tanpa rekasa, tumindak kanthi nuwuhake poligami paraga wanita liyane amarga durung nduwe keturunan kamangka rabi karo bojone wis karo tengah taun, bandha kuwi ora digawa mati. Gegayutan antarane karya sastra karo kanyatan kang dumadi, cerbung iki nggunakake tintingan sosiologi sastra.

Raja Pati lan Tindak Culika sajrone Cerbung Kunci Dhuplikat anggitane JMV Sunarjo iki, kang dicritakake ngenani pawongan kang nduwe rencana kepengin urip penak kanthi cara mateni. Sadurunge mateni korban, wong kang durjana nindakake culika luwih dhisik.

Paraga sajrone crita iki yaiku Bu Lisa, Pak Citra, Anton, Titin, Gembong sarta paraga-paraga liyane. Bu Lisa kang sugih banget, dene Pak Citra mung karyawan bapake Bu Lisa. Pak Citra bisa ngrabi Bu Lisa amarga saka dhukun. Sawise Pak Citra urip sugih, dheweke malah nindakake sedheng karo Titin, kanthi alesane Pak Citra. Kawiwitan saka kuwi, tuwuh kedadeyan raja pati. Crita sambung kasebut bisa narik kawigaten, amarga critane isih ruwet.

Kaculikan bisa kawedhar amarga ana panyebabe. Raja pati bisa kedadeyan amarga ana wong durjana lan korban. Wong kang nindakake pakaryan sing njalari raja pati nduwe moral kang ala. Kaculikan bisa kawedhar sajrone crita sambung iki ana gegayutane sajrone bebrayan. Cundhuk karo bab kuwi mau, kaculikan bisa kawedhar sajrone crita sambung *Kunci Dhuplikat* kang bakal dionceki.

Gegayutan saka raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*, yen ana kaculikan kawedhar, bab kang bakal dionceki bacute yaiku raja pati bisa kawedhar. Raja pati kawedhar kalebu bab kang ora gampang, amarga polisi isih golek-golek wong durjana sing mateni kanthi cara apa wae lan ora bisa mung nudhuh tanpa anane bukti kang cetha. Andharan raja pati mau kalebu kedadeyan kang apik kanggo diteliti, amarga critane uga narik kawigaten. Tuladhane kaya sajrone kanyataning bebrayan, isih ana kedadeyan raja pati.

Raja pati sajrone kanyataning bebrayan jaman saiki wis akeh kang kedaden. Raja pati kang tujuwane kanggo ngrebut bandha warisan wis akeh ditindakake wong durjana sajrone berayan. Ora mung sajrone bebrayan Jawa, nanging uga sajrone bebrayan luar Jawa. Fenomena raja pati kasebut wis ngrembaka sajrone medhia-medhia sosial kayata tv, koran, radhio, internet lan sapanunggal. Gumayut saka raja pati sajrone kanyataning bebrayan karo cerbung *Kunci Dhuplikat* anggitane JMV Sunarjo, mula bakal diteliti.

Indriani (sajrone Prawoto, 1991:103) ngandharake yen raja pati mujudake crita detektif yaiku crita ngenani kadurjanaan. Crita detektif sajrone sastra Jawa modern wis dirintis wiwit taun 1920-an). Gegayutan karo bab kasebut, Suparto Brata (sajrone Prawoto 1991:93) ngandharake yen crita detektif kuwi perangan saka crita kadurjanaan, salah sijine yaiku cerbung kanthi irah-irahan *Kunci Dhuplikat*. Crita ngenani raja pati sajrone basa Jawa kang isih ana sesambungane karo sumber crita detektif.

Crita sambung kanthi irah-irahan *Kunci Dhuplikat* anggitane JMV Sunarjo, kapacak ing kalawarti Jayabaya wiwit edhisi 30 Minggu IV Maret 2016 nganti edhisi 41 Minggu II Juni 2016. Cerbung iki kapacak ing rubrik crita sambung kang kaperang dadi 12 seri. Cerbung kanthi irah-irahan *Kunci Dhuplikat* nyritakake kahanan kang ana ing bebrayan. Gegambaran ngenani crita sambung kasebut bisa narik kawigaten, amarga sesambungane ngenani ngrebut bandha kanthi cara kang ala yaiku mateni. Crita sambung iki nggambarake bab raja pati lan tindak culika kang ruwet, amarga sajrone crita pungkasan durung ngerti wong durjana sing mateni. Ana paraga kang kepengin ngrebut bandha tanpa nyambut gawe rekasa, kepengin urip kepenak nganti ora sungkan-sungkan kudu mateni wong liya. Para paraga nindakake raja pati nduweni panyebab yaiku amarga nduweni

kepenginan kanggo urip penak tanpa nyambut gawe rekasa lan amarga babagan ekonomi.

Adhedhasar andharan kuwi mau, tintingan sosiologi sastra sing digunakake kanggo ngonceli bab perkara-perkara kang tuwuh saka raja pati sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* kang luwih rowa lan cetha. Panliten iki diajab nduweni paedah tumrap para pamaca kanggo nambahi kawruh ngenani panguripane sosial manungsa lumantar reiptan sastra.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar landhesan panliten kang wis diandharake ing ndhuwur, underane panliten yaiku :

- 1) Kepriye kalungguhane raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*?
- 2) Kepriye kaculikan kawedhar sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*?
- 3) Kepriye raja pati kawedhar sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*?
- 4) Kepriye raja pati sajrone kanyataning bebrayan?

ANCASE PANLITEN

Ancase panliten kang diajab bisa awèh paedah kaya kang dikarepake sing panliti yaiku antarane :

- 1) Supaya bisa mangerteni kalungguhane raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*.
- 2) Supaya bisa mangerteni kaculikan kawedhar sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*.
- 3) Supaya bisa mangerteni raja pati kawedhar sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*.
- 4) Supaya bisa mangerteni raja pati sajrone kanyataning bebrayan.

PAEDAHE PANLITEN

Panliten iki nduweni paedah kaya ing ngisor iki

- 1) Nambahi kawruh saka panliten sadurunge ngenani babagan saemper kang diandharake ing panliten sadurunge.
- 2) Kanggo studi sastra, panliten iki dikarepake bisa menèhi sumbang sih kanggo ngrembakakake kawruh ngenani bab kasusastran.
- 3) Kanggo pamaos, panliten iki bisa menèhi greget kanggo nglestarekake sastra mligine sastra Jawa kang saya suwe saya ilang utawa bisa nambahi referensi tumrap sapa wae kang maca.
- 4) Kanggo piwulangan sastra, panliten iki bisa didadekake sumber informasi ngenani sastra ing sajroning pengajaran sastra ing donyane pawiyatan.
- 5) Kanggo panliti dhewe, panliten iki mujudake sarana kanggo ngecakake saperangan kawruh lan ketrampilan kang wis ditampa sasuwene kuliyah.

WEWATESANE TETEMBUNGAN

- 1) Cerbung utawa crita sambung
Cerbung utawa crita sambung yaiku crita rekaan kang ngandhut isi kanthi urutan sajroning pawarta lan kalawarti (Ensiklopedi Sastra Jawa 2015:96)
- 2) Crita Kadurjanan
Carita kadurjanan sajrone basa Indonesia diarani carita kejahatan utawa kriminal. Ilmu ngenani kriminal

diarani kriminologi. Kriminologi yaiku ilmu sing nyinaoni kadurjanan minangka gejala manungsa Moediko (sajrone Dirdjosisworo, 1973:43)

3) Raja Pati

Raja pati mujudake asil kadurjanan sajrone bebrayan. Raja pati yaiku sawijine kedadeyan kanggo ngilangake nyawa wong kanthi cara nglanggar ukum (<https://id.wikipedia.org/wiki/Pembunuhan>)

4) Tindak Culika

Wong culika mujudake wong kang nduweni kelakuwan lan pamawas kang ora laras karo norma-norma sajroning urip bebrayan kanggo nggayuh apa kang dadi kekarepane. Tindak culika mujudake kepenginane wong kang saka atine wis nduweni niat kanggo ngasilake untung tanpa usaha kang abot. Culika yaiku kapinterane wong muter balikne omongan (KBBI, 1990:522)

5) Sosiologi Sastra

Sosiologi asal saka tembung *sosio* (Yunani) (*socius* nduweni teges bareng-bareng, nyawiji, kanca) lan logi (*logos* nduweni teges sabda, omongan, papindhan). Pangembangan sabanjure ngalami owah gingsir makna, *socio/socius* kang nduweni teges bebrayan, *logis/logos* tegese yaiku ilmu. Dadi, sosiologi nduweni teges yaiku ilmu ngenani asal-usul lan tuwuh (evolusi) bebrayan, ngelmu kang nyinaoni sakabehing jaringan sesambungane antar manungsa sajrone bebrayan, sipate umum, rasional lan empiris (Ratna, 2003:1-2)

6) Durjana

Durjana yaiku nyimpang saka angering agama utawa nerak bebener. Perangan saka tumindak kang ora becik lan bisa uga sinebut kadurjanan (Sudaryanto, 2011:2011)

7) Kadurjanan

Kadurjanan utawa kriminalitas yaiku perkara-perkara kang nduweni sipat kriminal kang cundhuk karo tumindak ala utawa kang bisa gawe cilakane liyan. Tuwuh kadurjanan iki amarga anane proses interaksi sosial sajroning lingkungan kejahatan lan nerak norma-norma ukum kang ana sajrone bebrayan (Sudaryanto, 2011:471)

8) Kriminalitas

Kriminalitas yaiku tumindak ngenani kadurjanan lan tindak pidana kang nglanggar ukum uga bisa gawe rugine liyan (Hendrojono, 2005:2)

9) Crita Detektif

Raja pati mujudake crita detektif yaiku crita ngenani kadurjanan. Crita detektif sajrone sastra Jawa modern wis dirintis wiwit taun 1920-an. Indriani (sajrone Prawoto, 1991:103)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten sadurunge kang dianggap saemper, ditindakake dening :

- 1) Eka Miyanti (2016) kanthi irah-irahan *Kadurjanan Sajrone Crita Temanten Adus Getih Anggitane Sri Adi Harjono Tintingan Struktur Lan Aspek Sosiologis*. Panliten kasebut njlentrehake

kadurjanan, kayata merjaya, degsiya, intimidasi, nyulik, daya emosional, rasa dhendham. Tumindak- tumindak durjana kuwi mau nyritakake sajrone bebrayan.

- 2) Sari Eka Diniati (2016) kanthi irah-irahan *Kadurjanan Sajrone Cita Rakyat Lebur Ing Borobudur Anggitane Hastarahardjo Tintingan Sosiologi Sastra*. Panliten kasebut njlentrehake kadurjanan kayata paten pinaten, ngrampog, ngruda peksa, nerak kasusilan (angger-angger agama), ngancam, kadurjanan ing jagading politik.
- 3) Ainin Nadziroh (2016) kanthi irah-irahan *Kadurjanan sajrone Novel Daharu ing Loji Kepencil Anggitane Suparto Brata tintingan psikologi sosial*. Panliten kasebut njlentrehake gegambaran kadurjanan kayata merjaya, nyolong, ngruda peksa, nggunakake gaman lan nyerang
- 4) Dyah Tri Wulandari (2015) kanthi irah-irahan *Miyak Kadurjanan Sajrone Cerbung Getih Sri Panggung Anggitane Kuku S. Wibowo (Tintingan Struktural)*. Panliten kasebut njlentrehake Cita Detektif, Cita Detektif Ironing Sastra Jawa lan Strukturalisme.

Adhedhasar panliten saemper kang wis diandharake mau, gegayutan karo bab raja pati kang bakal diteliti. Pambedane panliten saemper mau karo panliten aspek raja pati kang bakal diteliti yaiku saka underane panliten kang njlentrehake kalungguhane raja pati lan tindak culika, kaculikan kawedhar, raja pati kawedhar, raja pati sajrone kanyataning bebrayan. Sumber dhata sajrone panliten iki nggunakake objek karya sastra modern kanthi irah-irahan *Raja Pati lan Tindak Culika sajrone Cerbung Kunci Dhuplikat Anggitane JMV Sunarjo*.

Carita Kadurjanan sajrone Cerbung

Carita kadurjanan sajrone basa Indonesia diarani carita kejahatan utawa kriminal. Ilmu ngenani kriminal diarani kriminologi. Kriminologi ditemokake P.Topinard (1830-1911) minangka ahli antropologi Perancis. Miturut Santoso & Zulfa (2013:9) kang ngandharake kriminologi asale saka tembung “*crimen*” kang nduweni teges kejahatan utawa penjahat lan “*logos*” tegese yaiku ilmu pengetahuan, mula kriminologi yaiku ilmu ngenani kejahatan utawa penjahat. Sajrone KBBi (2008:760) kang njlentrehake yen kriminologi tegese ilmu pengetahuan ngenani kadurjanan lan tindak pidana. Bab kuwi mau uga cundhuk karo pamawase Moediko (sajrone Dirdjosisworo, 1973:43) yen kriminologi yaiku ilmu sing nyinaoni kadurjanan minangka gejala manungsa. Wis akeh para pangripta nggunakake karya sastra kang isi caritane ngenani kadurjanan, kayata cerkak, cerbung, novel.

Cerbung mujudake reiptan sastra kang ditulis ing jaman kasusastran Jawa modern. Biyasane, tema cerbung kuwi ngandhut prakara kang kedadeyan ing bebrayan saben dinane kayata ekonomi, politik lan bab katresnan. Cerbung kang kalebu jinise kasusastran utawa sastra mujudake salah sijine asil budaya kang nduweni sesambungan karo bebrayan. Sastra mujudake asil cipta, rasa, lan karsa manungsa. Dene manungsa kalebu salah sawijine perangan saka bebrayan. Sastra kalebu gegambaran saka panguripane manungsa. Mula para pengarang ndadekake kaca bengala saka maneka werna

perkara kang ana ing jagading bebrayan kanggo ngripta karyane. Bab kasebut cundhuk karo pamawase Hardjana (1994:73) nalika pangripta nulis crita, dheweke nduweni pamawas ngenani paraga imajiner lan lingkungan, kang bisa makili paraga-paraga lan lingkungan tartamtu kanthi pengalaman, pamawas, banjur panjngglenge, pangripta nduweni lelandhesan crita tumrap sawijine crita kang bakal diripta. Lelandhesan crita sesambungan karo kanyatan sajrone bebrayan, nanging uga nuwuhake paraga-pamaragan lingkungan sing anyar. Sastra kang diripta uga mujudake kekarepane manungsa kanggo ngungkapake perkara kang ana sajrone jagade bebrayan.

Raja Pati lan Fenomena Sosiologis

Raja pati mujudake asil kadurjanan sajrone bebrayan. KPBj (2001:793) njlentrehake yen pati yaiku pisahe nyawa saka raga. Tumindak kang nuwuhake raja pati kuwi mesthi ana bab-bab tartamtu kang ditindakake wong durjana. Sadurunge nindakake raja pati, biyasane wong durjana luwih dhisik nindakake motif dagsiya marang korbane. Tumindak kang njalari dagsiya mujudake sawijine tindakan kriminal kang bisa nyebabake korban mau mati, amarga kang diserang ragane manungsa. Raga manungsa kang diserang nyebabake rasa lara, yen larane wis nemen bisa nyebabake korban mati. Tumindak kang njalari raja pati wis akeh banget sajrone bebrayan, kanthi alesan tartamtu.

Gegayutan raja pati sajrone fenomena sosial jagading bebrayan, wis akeh banget kasus kang kedadeyan sajrone kanyatan sosial. Kasus kang wis kedadeyan kasebut bisa saka tv, koran, internet lan medhiya sosial liyane. Tuladha fenomena sosial saka tv kang gegayutan kasus raja pati yaiku kasuse *Angeline* kang dipateni amarga pelaku kepengin bandha warisan. Raja pati kasebut kedadeyan nalika tanggal 16 Mei 2015 ing kutha Denpasar, Bali. Kedadeyan kasebut dadi kondhang sajrone medhia sosial. Andharan ngenani raja pati karo kanyatan mau, mula digayutake sawijine pamarekan sosiologi sastra.

Kadurjanan sajrone Bebrayan Jawa

Miturut Sudaryanto (2011:471) kadurjanan utawa kriminalitas yaiku perkara-perkara kang nduweni sipat kriminal kang cundhuk karo tumindak ala utawa kang bisa gawe cilakane liyan. Tuwuhe kadurjanan iki amarga anane proses interaksi sosial sajrone lingkungan kejahatan lan nerak norma-norma ukum kang ana sajrone bebrayan.

Kadurjanan utawa kriminalitas kang tuwuh sajrone bebrayan kuwi wis akeh banget. Bebrayan mujudake kekumpulane manungsa kang nduweni sesambungan kang raket. Manungsa nduweni piranti kanggo sesambungan kanthi nindakake interaksi antarane manungsa siji lan liyane. Luxemburg (1984:25) ngandharake sesambungane antara sastra lan bebrayan kuwi ora mung dadi pangilon saka urip kanyatan, nanging sastra kudu bisa melu mangun bebrayan.

Raja Pati minangka Fenomena Kadurjanan

Tumindak kang njalari raja pati kuwi mujudake kadurjanan sajrone bebrayan kang nerak ukum uga norma-norma sajrone bebrayan. KPBj (2001:793) ngandharake yen pati mujudake pisahing nyawa saka raga. Tembung

Raja pati kalebu tembung camboran. Raja pati kuwi asil kadurjanan kang ala yen dilakoni, yen pawongan nindakake raja pati, mesti wae ana bab-bab tartamtu kang nyebabake nglakoni tumindak kuwi mau. Raja pati kang kerep dumadi sajrone bebrayan tansah nggawe kapitunane liyan.

Tindak Culika

KBBI (1990:522) ngandharake yen culika yaiku kapinterane wong muter balikne omongan. Wong culika mujudkake wong kang nduweni kelakuwan lan pamawas kang ora salaras karo norma-norma sajroning urip bebrayan kanggo nggayuh apa kang dadi kekepareane. Tindak culika mujudake kepinginane wong kang saka atine wis nduweni niat kanggo ngasilake untung tanpa usaha kang abot. Manungsa sajrone bebrayan nduweni kepinginan kanggo urip kepenak. Upaya kang dilakoni kanggo ngasilake bandha yaiku kanthi cara ngapusi, nindakake kaculikan, pelit lan mblenjani janji. Manungsa ora eling yen bandha kuwi mujudake samubarang kang kudu ditanggung jawabake marang Gusti Allah.

Pamarekan Struktural

Unsur intrinsik kang wigati kanggo mangerteni lakuning carita yaiku alur. Miturut Sutanto (sajrone Nurgiyandoro, 1995:113) ngandharake yen alur yaiku carita kang isine ngenani urutan kedadeyan, nanging saben kedadeyane gegayutan karo anane sebab-akibat, tegese kedadeyan siji disebabake utawa nyebabake tuwuhe kedadeyan liyane. Alur uga nduweni urutan-urutan kedadeyan sajrone carita. Gegayutan karo bab kasebut, Najid (2003:20) ngandharake yen pambédane urutan-urutan kedadeyan sajrone carita dadi telung perangan, yaiku wiwitan, tengah, lan pungkasan.

Landhesaning Teori

Teori sosiologi sastra kang digunakake yaiku teori sosiologi sastra kanthi konsep kang dijlentrehake dening Wellek Warren. Wellek Warren merang sosiologi sastra dadi telu yaiku sosiologi, pangripta, sosiologi kasusastran lan sosiologi pamaca. Perangan kang bakal luwih ditengenake ing kene yaiku ngenani sosiologi kasusastran. Perangan saka teori sosiologi sastra miturut Wellek Warren iki nduweni sesambungan karo isi kasusastran, tujuwan sastra babagan liyane kang kasirat sajrone kasusastran sesambungan uga karo fenomena sosial.

METODHE PANLITEN

Ancangan kang digunakake sajrone panliten iki kalebu panliten *dheskriptif kualitatif*. Matthew (1992:1) njlentrehake yen panliten kualitatif mujudake sumber saka dheskripsi kang rowa lan nduweni lelandhesan kang kuwat, sarta ngemot andharan ngenani proses-proses kang dumadi sajrone papan lan waktu tartamtu.

Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif kanggo nintingi *cerbung Kunci Dhuplikat anggitane JMV Sunarjo*. Panliten iki nggunakake perspektif sosiologi sastra kang bisa dilarasake dadi papat yaiku kang kapisan kalungguhane raja pati lan tindak culika, kapindho kaculikan kawedhar, katelu raja pati

kawedhar lan pungkasan gegayutane raja pati sajrone kanyataning bebrayan.

Sumber Dhatane Panliten

Sumber dhata primer sajrone panliten iki yaiku *cerbung Kunci Dhuplikat anggitane JMV Soenarjo*. Cerbung iki kapacak sajrone kalawarti Jayabaya wiwit edhisi 30 Minggu IV Maret 2016 nganti edhisi 41 Minggu II Juni 2016. Cita iki kapacak ing rubrik cita sambung (cerbung) kang kaperang dadi 12 seri, kang ana ing ngiso iki :

Seri	No	Minggu	Sasi
1	30	IV	Maret
2	31	I	April
3	32	II	April
4	33	III	April
5	34	IV	April
6	35	I	Mei
7	36	II	Mei
8	37	III	Mei
9	38	IV	Mei
10	39	V	Mei
11	40	I	Juni
12	41	II	Juni

Dhata sekunder saka panliten iki yaiku buku-buku panyengkuyung, kalawarti, koran, tv lan internet.

Dhatane Panliten

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki mujudake tembung-tembung kayata frase, tembung, ukara kang ana sambungane karo undheran panliten.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten sastra yaiku panliti. Panliti sajrone panliten iki minangka instrumen utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten bab iku. Moleong (2006:19) ngandharake yen manungsa minangka instrumen panliten nduweni senjata kang kanthi cara luwes bisa digunakake kanggo menèhi pambiji marang kahanan sarta bisa njupuk kaputusan dhewe. Piranti liyane arupa piranti tata tulis yaiku buku tulis lan pulpen. Panliti minangka alat kanggo ngumpulake dhata lan ngandharake analisis dhata. instrumen panyengkuyung nggunakake lembar dhata kang isine cuplikan-cuplikan ngemot prakara raja pati. Dhata

dipilih minangka dhasar kanggo njlentrehake analisis lan andharan ngenani raja pati.

Lembar dhata kang arep digunakake wujud arupa tabel. Tabel iki mujudake panyengkuyung nalika ngumpulake dhata. Dhata bisa dipilih perkara raja pati. Wujud lembar dhata kaya mangkene :

NO	SUB BAB
1	Pethikan saka cerbung Kode:
2	Pethikan saka cerbung Kode:
3	Pethikan saka cerbung Kode:
4	Pethikan saka cerbung Kode:
5	Pethikan saka cerbung Kode:

Tata Cara Pangumpule Dhata

Tumindak kang ditindakake kanggo pangumpule dhata sajrone panliten iki yaiku :

- (1) Maca bola-bali cerbung *Kunci Dhuplikat* saka perangan wiwitan nganti teka pungkasan, nganti cetha lan nemokake apa kang dikarepake kang ana sajrone crita.
- (2) Ngumpulake dhata kanthi milih saperangan cuplikan sajrone *cerbung Kunci Dhuplikat* kang cundhuk karo underan panliten ditintingi supaya antuk dhata sing kudu dibutuhake.
- (3) Nindakake milah lan milih dhata kang cocok karo konsep dhasar ngenani raja pati. Dhata kang dipilih mujudake dhata kang ngemot perkara raja pati lan tindak culika. Dhata kang dipilih, banjur dicathet.
- (4) Menahi kodhe-kodhe sajrone dhata panliten. Kodhe kasebut nduweni tujuwan menahi idhentitas marang dhata panliti. Kodhe-kodhe dhata sajrone panliten iki wujud yaiku :
Lampiran Dhata : LD

Nomer : N
Kaca : K

Teknik kang digunakake sajrone panliten iki kanggo ngasilake dhata yaiku kanthi cara maca lan nyathet. Maca kang dimaksud yaiku kanthi cara maca teks bola-bali sawijine teks sastra supaya bisa nuwuhake pemahaman kang beda

Tata Cara Pangolahe Dhata

Tata cara pangolahe dhata sajrone panliten iki yaiku :

- (1) Dhata kang wis dikumpulake lan diperang banjur diklasifikasi.
- (2) Dhata kang wis diklasifikasi diwenahi tetenger supaya gampang anggane menahi tandha marang objek panliten.
- (3) Dhata kang wis dijupuk, dikumpulake, diklasifikasi lan diwenahi tetenger, banjur ditafsirake kanthi andharan.
- (4) Njlentrehake asil analisis.

Dhata-dhata kang wis cumepak lan wis ditafsirake sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* digunakake kanggo nuduhake menawa saben panliten kang dijupuk nggambarake raja pati lan tindak culika. Teori-teori kang digunakake kanggo ngoncek dhata wis dipilih. Pamilihe dhata iku kudu laras lan nyengkuyung teori kang ana lan sesambungan karo tinthangan sosiologi sastra. Pungkasan yaiku dudutan ngenani andharan kang wis dijlentrehake. Saka dudutan iku bisa dimangerteni asil kang cetha saka panliten kang wis ditindakake.

Tata Cara Ngandharake Asile Panliten

Tata cara nulis asile panliten iki arupa dheskripsi ngenani underane panliten yaiku kang kapisan kalungguhane raja pati lan tindak culika, kapindho yaiku kaculikan kawedhar, katelu yaiku raja pati kawedhar, kapapat yaiku raja pati sajrone kanyataning bebrayan. Carane nulis asile panliten kaya sistematika panulisan skripsi yaiku saka Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, Bab V ing ngisor iki :

Bab I : purwaka, isine ngenani lelandhesane panliten, underane panliten, ancane panliten, paedhe panliten lan wewatesane tetembungan.

Bab II : tintingan kapustakan, isine ngenani panliten sadurunge kang saemper, carita kadurjanan sajrone cerbung, raja pati lan fenomena sosiologis, kadurjaan sajrone bebrayan Jawa kang nduweni perangan raja pati minangka fenomena kadurjanan, tindak culika, pamarekan struktur lan landhesaning teori.

Bab III : metodhe panliten, isine ngenani ancangan panliten, sumber dhatane lan dhatane panliten, instrumen panliten, tata cara pangumpule dhata, tata cara pangolahe dhata, tata cara ngandharake asile panliten.

Bab IV : andharan lan asile panliten, isine ngenani kalungguhane raja pati lan tindak culika, kaculikan kawedhar, raja pati kawedhar, raja pati sajrone kanyataning bebrayan lan dhiskusi analisis.

Bab V : dudutan lan pramayoga.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Kalungguhane Raja Pati lan Tindak Culika

Andharan asile panliten kapisan kang bakal dijlentrehake kalungguhan saka aspek raja pati lan tindak culika sajrone *cerbung Kunci Dhuplikat*. Kawawas saka perangan critane, kalungguhane raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* kanthi cak-cakan yaiku

- (1) panindake kaculikan kang njlentrehake menyang dhukun lan tumindak sedheng,
- (2) panindake raja pati. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake kalungguhane raja pati lan tindak culika kasebut.

Panindake Kaculikan

KBBI (1990:522) ngandharake yen culika yaiku kapinterane wong muter balikne omongan. Wong culika mujudake wong kang nduweni kelakuwan lan pamawas kang ora laras karo norma-norma sajroning urip bebrayan kanggo nggayuh apa kang dadi kekarepane. Manungsa sajrone bebrayan nduweni kepenginan kanggo urip kepenak. Upaya kang dilakoni kanggo ngasilake bandha yaiku kanthi cara ngapusi, nindakake kaculikan, pelit lan mblenjani janji. Manungsa ora eling yen bandha kuwi mujudake samubarang kang kudu ditanggung jawabake marang Gusti Allah. Manungsa sajrone bebrayan kang nduweni tindak culika mujudake manungsa kang durjana. Titikane wong kang nduweni tindak culika yaiku, 1) ora seneng marang wong liya kang antuk kabagyan, 2) seneng nyawang wong liya susah, 3) nduweni kepenginan kanggo gawe rugine wong liya, 4) nggayuh kepenginan kanthi cara *jalan pintas*, 5) pinter kanggo malik omongan utawa omong ora sanyatane.

Menyang Dhukun

Dhukun yaiku pawongan kang bisa ngobati, nulung wong kang lagi lara, menehi jampi-jampi (mantra, guna-guna, lsp) (Tim, 1996:279). Geertz (1989:116) ngandharake yen dhukun kuwi maneka warna kayata dhukun bayi, dhukun pijet, dhukun prewangan, dhukun temanten, dhukun calak, dhukun japa, dhukun jampi, dhukun tiban.

Dhukun nduweni teges kang akeh. Dhukun ora mung ahli ilmu petungan lan kapitayan wae, nanging uga wong kang buka prektek pangobatan tradhisional, ilmu ghaib lan ilmu sihir (Koentjaraningrat 1994:422). Dhukun kang nduweni ilmu ghaib, biyasane dikurmati wong sajrone bebrayan. Dhukun kuwi sebutan kanggo wong kang ahli bidhange, kayata dhukun bayi, dhukun pijit, dhukun paes, dhukun sihir lan sapiturute. Wong kang percaya marang dhukun dianggep musrik, ora percaya marang Gusti Allah sing nggawe urip. Manungsa kang mara menyang dhukun kalebu manungsa kang ora nduweni rasa syukur marang Gusti Allah. Dheweke ngalalake cara apa wae supaya apa kang dikepengini kalaksanan. Manungsa urip sajrone bebrayan kudune tansah eling lan waspada, amarga apa wae kang dilakoni bakal antuk piwalesan saka apa kang wis dilakoni.

(1) Paraga Citra

Saben manungsa nduweni kepenginan kanggo urip kepenak. Manungsa kang kepengin urip kepenak sajrone urip bebrayan wis lumrah. Kemul bandha donya tanpa nyambut gawe kang abot-abot. Upaya kang dilakoni manungsa bisa kanthi cara ala lan bisa kanthi cara apik. Upaya kanthi cara ala tuladhane mara menyang dhukun, percaya marang dhukun supaya kepenginan kang dikarepake bisa kasil. Mara menyang dhukun kalebu tumindak kang ora apik, amarga ora percaya marang Gusti Allah lan nyimpang saka agama. Wis ngerti yen kaya mangkono, manungsa isih wae percaya marang dhukun. Semono uga kang ditindakake paraga Citra kang nduweni kepenginan kanggo bisa utip kepenak, dheweke kepengin nguwasani bandhane Lisa, mula dheweke mara menyang dhukun. Bab ngenani paraga Citra mara menyang dhukun, kacuplik ing ngisor iki.

Yen biyen Citra bingung golek srana menyang dhukun ngendhi wae supaya bisa nelukake atine wong tuwane Lisa lan bisa nikahi Lisa, saiki dheweke bingung golek cara priye bisane perusahaan penggergajian kayu iku bisa dibalik nama dadi atas nama jenenge. (JB KD No.5 kaca 10)

Cuplikan kasebut nuduhake yen Citra bisa rabi karo Lisa lumantar dhukun. Percaya marang dhukun kuwi dianggep musrik. Citra wis mara menyang dhukun ndi-ndi supaya bisa nelukake atine wong tuwane Lisa lan supaya Lisa bisa dinikahi. Sawise kuwi klakon, usahane Citra sabanjure yaiku kepengin nguwasani bandhane Lisa, nanging saiki Citra malah bingung golek cara supaya perusahaan penggergajian kayu iku bisa balik nama jenenge yaiku Citra. Ora mung paraga Citra kang mara menyang dhukun kanggo ngrayuk kepenginane. Paraga Titin uga mara menyang dhukun kanggo antuk apa sing dadi kepenginane. Paraga Titin mara menyang dhukun bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

(2) Paraga Titin

Urip sajrone bebrayan, manungsa pancen nduweni naluri kepengin urip kang cukup, ora kurang saka ekonomine. Banjur upaya kang dilakoni kadhang kala nyimpang saka paugeran urip. Salah saji upayane Lisa kanggo kepengin urip kepenak kemul bandha lan donya yaiku mara menyang dhukun, supaya apa kang dadi kepenginane bisa kalaksanan. Kaya apa kang dilakoni paraga Titin sing mara menyang dhukun. Titin kang wiwitane dadi karyawane Citra ing perusahaan penggergajian kayu kepengin dadi bojo kalorone Citra, miturut dheweke yen wis bisa dadi bojone Citra sing dadi bos penggergajian kayu kasebut bisa nguwasani bandhane. Sesambungan karo bab paraga Titin mara menyang dhukun kanggo tujuwan urip kepenak keceh dhuwit akeh, kacuplik ing ngisor iki.

Kanthi usaha maneka warna klebu golek srana menyang dhukun pirang-pirang, wusanane Titin pancen njur bisa ngluluhake atine Citra temenan nganti klakon diwayuh najan kudu main sandiwara pegatan karo Gembong. (JB KD No. 11 kaca 21)

Andharan kasebut nuduhake yen Titin minangka karyawane perusahaan penggergajian kayu wis maneka warna usaha kanggo bisa ngluluhake atine Citra. Usaha mara menyang dhukun wis pirang-pirang dilakoni supaya apa kang dikarepake bisa kasil. Titin bisa temenan ngluluhake atine Citra masiya mung diwayuh. Senajan klakon diwayuh mung dadi sandhiwara pegatan karo Gembong.

Tumindak Sedheng

KBBI (1990:802) ngandharake yen sedheng yaiku ora terus terang, ora jujur lan seneng nyingitake samubarang kanggo kapentinganane dhewe. Sedheng mujudake tumindak kang sesambungan asipat werdi. Wong sing nindakake bakal nyingitake sesambungane mau

supaya wong liya ora mangerteni. Sedheng utawa selingkuh nduweni teges siningit. Sedheng biyasané ditindakake manungsa urip sajrone bebrayan, kang bakal njalari pegatan. Sedheng mujudake salah sawijining perkara sajrone bale wisma.

Bab ngenani sedheng uga ana sajrone *cerbung Kunci Dhuplikat* kang ditindakake dening paraga Gembong lan Titin. Gembong lan Titin sing mulane bebojoan, wong loro mau nduweni kepenginan urip penak tanpa nyambut gawe sing sara. Rancangan kang kapisan ditindakake wong loro mau yaiku pegatan, banjur Titin kudu bisa nikah karo Citra sing sugih kanthi cara mara marang dhukun. Senadyan wong loro mau wis pegatan, nanging tanpa diweruhi Citra, Titin ketemu lan saomah karo Gembong bekas bojone kang nduweni rencana kang padha. Andharan kasebut kapethik ing ngisor iki.

Sawetara iku Titin sing ana njero omah iku atine ora tenang kuwatir yen kadenangan dening Citra bojone, "Mas, pamitku marang Mas Citra bengi iki aku nginep ing omah Kalianyar kene. Nanging aku rada kuwatir aja-aja dheweke nyusul. Kepriye yen bengi iki menyang omah kontrakanmu wae?" kandhane Titin marang wong lanang dhempal sing lungguh ing sisihe. (JB KD No.9 kaca 18)

Andharan kasebut njlentrehake yen Titin sing ana njero omah atine kuwatir yen bojone Citra meruhi dheweke karo Gembong bojo lawase. Pamite Titin bengi iku nginep ing omahe dhewe Kalianyar. Banjur Titin ngajak Gembong menyang omah kontrakan Gembong kang dirasa supaya luwih aman, ora dimangerteni Citra.

Panindake Raja Pati

Panindake raja pati mujudake kadurjanan sajrone bebrayan, kang nerak ukum uga norma-norma sajrone bebrayan. KPB (2001:793) ngandharake yen pati mujudake pisahing nyawa saka raga. Raja pati iki bisa kedadeyan kanthi cara rong cara. Cara kasebut yaiku raja pati kang karancang lan raja pati tanpa karancang. Tumindak kang nuwuhake raja pati bisa kanthi maneka warna cara. Raja Pati bisa ditindakake kanthi nggunakake piranti, kayata gaman. Saliyane kuwi, raja pati bisa ditindakake kanthi cara tanpa nggunakake piranti, tegese nggunakake kanthi cara kekuwatan fisik, kayata bujuk rayu, ngapusi, nyekik lan sapiturute.

Wong sing nindakake raja pati supaya ora diweruhi wong liya, dilaksanakake kanthi cara wong liya singidan. Tumindak kang njalari raja pati kasebut leksana dening paraga Gembong. Gembong minangka bojo lawase Titin, kang ngrancang pisah banjur nikah karo Citra kang wis nduwe bojo yaiku Lisa. Gembong nduweni rancangan supaya bisa nguwasani bandha bojone Titin yaiku Citra. Rancangan kang kapisan yaiku nyingkirake marune Titin yaiku Lisa, supaya bandhane Citra bisa dikuwasai Titin wae. Pethikane ana ing ngisor iki.

Pawongan mau nyedhaki sarira iku. Dhengkule kanggo njagang awake munggah ing lambene dipan mau. Krasa ana sing munggah, sarira lencir

mau njenggir kaget. Nanging durung nganti ngerti tekaning bilahi anggane pawongan sing dhempal prakosa iku wis nglungguhi sarira lencir mau, dene tangane kiwa nyekethem tangan alus sing nyoba bangga lan tangane tengen pawongan mau nekak gulu sing endah ngolan-olan iku. Sarira lencir iku ora bisa bangga. Kejet-kejet sedhela terus koncatan nyawa. (JB KD No.1, kaca 2)

Pethikan kasebut nuduhake yen sawise Gembong kang wis nduwe nyatan kanggo mateni pawongan kang jenenge Lisa, ngerti kamare Lisa banjur Gembong mlebu. Sawise mlebu kamare Lisa dheweke, munggah ing ndhuwur dhipan. Ngrasa yen ana wong munggah ing dhipan kamare, Lisa kaget atine. Gembong kasil mateni Lisa kanthi cara nglungguhi lan nekak gulu Lisa sing endah. Lisa sing wis ora bisa apa-apa mung kejet-kejet sedhela banjur koncatan nyawa.

Kaculikan Kawedhar

Bab ngenani poligami minangka sarana uga ana sajrone *Cerbung Kunci Dhuplikat*. Paraga kang kasebut yaiku Citra. Citra nindakake poligami marang bojone yaiku Lisa. Dheweke rabi maneh karo Titin, randha nduwe anak siji kang dadi bojo kelorone. Andharan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

Poligami minangka Sarana

KBBI (1990:693) ngandharake yen *poligami* yaiku nikahi lawan jinise ing wektu kang beda. *Poligami* yen sajrone basa Jawa diarani wayuh. Poligami bisa ditegesi yen wong sing nduweni bojo luwih saka siji. Wong wadon kang dipoligami ana sing ekhlas lair batin lan ana sing ora ekhlas lair batin utawa kepeksa. Wong sing nindakake poligami nduweni panyebab tartamtu yaiku amarga ora nduwe keturunan, ora puas nduwe bojo siji, ora setya lan sapiturute.

Sajrone *cerbung Kunci Dhuplikat* iki, poligami ditindakake dening paraga Citra. Citra sing wiwitane mung dadi karyawane bapak Lisa, nyambut gawe ing perusahaan penggergajian kayu. Citra kepengin urip penak tanpa nyambut gawe angel-angel, dheweke mbayangake kepriye supaya bisa dadi mantune boso mau, kabeneran anake boso mau wadon. Banjur kanthi cara apa wae dilakoni Citra kalebu mara menyang dhukun, supaya atine bapak Lisa manut lan bisa nikah karo Lisa. Sawise saka dhukun, bapak Lisa manut banjur kasil nikahake anake karo karyawane dhewe yaiku Citra. Sawise Citra kasil dadi bojone Lisa sing sugih kelakon urip penak dadi bos penggergajian kayu, Citra malah nindakake poligami bojone karo wong wadon liya yaiku Titin. Andharan kasebut kapethik ana ing ngisor iki.

Dene Lisa ngono wis udakara karo tengah taun iki diwayuh dening Citra kakunge kanthi alesan wis omah-omah udakara rongpuluh taunan durung duwe turun. Kanthi alesan iku Citra sing dipasrahi ngelola perusahaan penggergajian kayu dening mara sepupuhe ya wong tuwane Lisa mau nikahi salah siji karyawane sing jenenge Titin sing

ketepakan wis randha duwe anak siji. (JB KD No.1 kaca 1).

Andharan kasebut njlentrehake yen Lisa wis udakara karo tengah taun iki diwayuh dening Citra kakunge. Panyebab diwayuh amarga Lisa durung bisa menehi anak sawise nikah. Citra nikahi karyawane dhewe sing jenenge Titin, randha duwe anak siji.

Melik Nggendhong Lali

Melik nggendhong lali utawa serakah mujudake sipat manungsa kang sarwa kurang tanpa ana wewatesane. Manungsa sajrone bebrayan, ana kang nduweni sipat serakah. Dheweke ora nrima apa kang diwenahi Gusti Pangeran. Manungsa kang nduweni sipat serakah, mligine serakah bandha kalebu manungsa kang morale ala.

Bab ngenani melik gendhong lali utawa serakah bandhane wong liya isih ana sajrone *cerbung Kunci Dhuplikat*. Paraga kang serakah bandha kasebut yaiku Gembong lan Titin. Wong loro mau nduweni kepinginan kang padha kanggo nguwasani bandha. Andharan kasebut kacuplik ing ngisor iki.

Botol bir diseleh ing meja maneh. Pikirane sedhela bali miyaki lembaran-lembaran uripe. Urip mlarat merga keset, ning pengine urip sugih keceh dhuwit kemul bandha tanpa nyambut gawe abot. Terus tuwuh niat jahate. Titin bojone sing dadi karyawan perusahaan penggergajian kayu sing dikelola Citra merga dipasrahi maratuwane yen bapake Lisa iku, dikongkon supaya isa dadi bojone Citra, najan mung diwayuh. (JB KD No. 11 kaca 21)

Andharan mau nuduhake yen Gembong mbayangake uripe sing mlarat, kepingin urip sugih keceh dhuwit kemul bandha tanpa nyambut gawe abot. Banjur tuwuh saka niat jahate bisa nguwasani bandha kanthi cara ngongkon bojone nikah karo Citra sing sugih, senadyan ta Titin mung diwayuh Citra.

Raja Pati Kawedhar.

Cerbung Kunci Dhuplikat iki nduweni korban lan wong durjana. Korbane yaiku Lisa, dene wong durjana sing mateni yaiku Gembong, nanging oleh pambiyantu saka Titin. Nalika Gembong tekan ngarep kamar sing dituju, banjur mbukak lawang karo kunci kanthi alon-alon lan ngati-ati. Gembong jumangkah mlebu kamar, sawise ing ranjang ana pawongan gumlethak anteng lencir ketutupan slimut bludru abang tuwa. Gembong ngupaya kanggo mateni. Andharan kasebut bisa kacuplik ana ing ngisor iki.

Pawongan mau mudhun saka sarira sing wis ora obah iku. Sawise mesthekake yen korbane wis mati, dheweke nggeret bantal ditutupake ing raine korbane mau. Slimut bludru dikemulake maneh kanthi rapi kaya maune terus metu saka kamar kono, pintune ditutup maneh. Kunci sing isih gembandhul ing pintu iku diputer klek, klek, klek kaping telu pintu

bali kuncen maneh. Ora ana swara. Ruwang tamu isih panggah peteng. (JB KD No.1 kaca 2)

Andharan mau nuduhake yen Gembong kasil mlebu kamare korban. Gembong masthekake yen korbane wis mati. Dheweke banjur nggeret bantal ditutupake ing raine korbane lan ngemulake slimut bludru kanthi rapi. Gembong ngupaya ngono kuwi supaya ora ninggalake jejak yen dheweke wong durjana sing mateni Lisa.

Katrangan saka Pak War

Polisi isih terus mikir cara kanggo miyak raja pati yaiku kanthi cara golek katrangan saka Pak War, yaiku pembantune Lisa kang wis setya nyambut gawe ing omahe Lisa wiwit wong tuwane Lisa isih urip. Pak War nyambut gawe ing omahe Lisa karo bojone, yaiku Mbok War. Pak War lan Mbok War nrima pira-pira gaji kang diwenekake dheweke, amarga eling yen sing nyekolahake anake Pak War lan Mbok War kuwi antuk pambiyantu saka Lisa lan kulawargane kang wis apik marang dheweke. Pak War nduweni watak kang becik. Anton minangka polisi golek katrangan saka Pak War kang nyambut gawe suwi ing omahe Mbakyune kasebut. Miturut Pak War, saka kedadeyan kasebut dheweke pancen ora ngerti sapa wong sing tega mateni juragane kasebut, kamangka Lisa nduweni sipat kang apik lan ora tau nduwe musuh marang wong liyane. Pak War menehi pawarta kang kapisan yaiku ngenani jogan kang reged tipak sepatu. Tipak sepatu kasebut pancen mratandakake yen wayah wengi ana wong kang mlebu omahe tanpa dimangerteni Pak War lan Mbok War. Andharan kasebut kacuplik ing ngisor iki.

“Ooo nggih Den, injing wau mriki niki ngantos teras mriku kotor tipak sepatu...!”

“Kotor, ana tipak sepatu...?” n

“Nggih Den, mergi kotor nggih lajeng kula pel!”

(JB KD No.2 kaca 4)

Andharan mau nuduhake yen Pak War menehi katrangan esuk mau ing jogan omahe reged ora kaya biyasane, amarga tipak sepatu. Pak War sing ora sujana lan ora nduweni pikiran apa-apa banjur langsung ngepel jobin omah kang tipak sepatu, amarga kuwi wis dadi panggaweyane Pak War minangka pembantu ing omah iku. Kedadeyan kasebut dianggap biyasa karo Pak War lan bojone.

Katrangan saka Tukang Kunci

Sawise Anton golek katrangan saka Pak War dheweke banjur nglebokake kunci-kunci dhuplikat mau siji mbaka siji dicoba. Sawise dicoba kabeh, kunci-kunci mau bisa kanggo mbuka lawang kabeh. Anton mesthekake yen kunci-kunci iku sing digunakake mbukak lawang lan mlebu omah dening wong sing merjaya mbakyune. Dheweke ngeling-eling ing kutha kasebut tukang kunci mung ana telu. Tukang kunci sing kondhang ana ing jalan rajawali.

Anton minangka polisi golek cara kanggo ngungkap asale kunci dhuplikat cacah telu kasebut. Anton golek cara kanggo bisa oleh pawangsulan sapa sejatine

sing nduweni kunci dhuplikat cacah telu. Andharan kasebut kapethik ing ngisor iki.

Anton njur ngreka golek cara nggo ngungkap asale kunci dhuplikat cacah telu kuwi.

Banjur njupuk sepatu dhinese. Diiling-ilingi terus dilebokake taskrsek, terus bablas nyang tukang sol sepatu sing uga tukang kunci, ing Jl Rajawali. (JB KD No.3 kaca 5)

Andharan kasebut njlentrehake yen Anton njupuk sepatu dhinese banjur bablas menyang tukang sol sepatu sing uga tukang kunci ing jalan Rajawali. Kunci cacah telu kasebut diling-ilingi banjur dilebokake tas kressek. Anton minangka polisi kudu bisa mancing wong durjana kang disujanani. Sawise teka panggone tukang kunci.

Katrangan saka Jiman

Anton isih wae golek katrangan ngenani matine Mbakyune. Sawise golek katrangan saka tukang sol sepatu utawa tukang kunci, banjur Anton tumuju ing Ngrawareja omahe Jiman. Ora angel nggoleki omahe sing jenenge Jiman, persis kang digambarake tukang sol sepatu mau Anton wis nemokake omahe Jiman kang disujanani. Anton nduweni rasa sujana marang Jiman, amarga saka katrangan tukang ahli kunci, dheweke kang pungkasan ndandakake kunci marang tukang kunci ing Jalan Rajawali. Anton mikir, supaya bisa antuk katrangan saka Jiman yen dheweke pancen wong sing mateni Lisa. Anton banjur nemokake cara yaiku kanthi alasan Anton golek pembantu kanggo ngresiki got omahe, amarga penggaweyane Jiman ya mung serabutan utawa penggaweyane ora tetep. Anton banjur nggoleki Jiman ing omahe.

Sawise Anton ing omahe Jiman, saklebetan Anton mandeng wong sing pawakane gedhi dhuwur iku. Jiman katon wong sing ora pati pinter ketitik saka bureke bathuk ndhuwure irung satengah-tengahe antarane mripate kiwa-tengen. Okol pancen rosa, ning utege sajak katon yen kempel, alias bodho. Anton tansah ngati-ati anggone ngorek perkara iki. Wiwitane, dheweke nakoni penggaweyane Jiman banjur Anton nakoni sing ndadakake kunci ing jalan Rajawali. Cuplikane ing ngisor iki.

“Nggih Pak, sae ngoten. Wau njenengan criyos nek nate ndadosaken kunci teng Jl Rajawali, mpun suwe Pak?” pitakone Anton ngati-ati aja nganti sing ditakoni ngerti yen lagi diinterogasi.

“Dereng dangu Mas, kinten-kinten tigang minggunan kepengker,” wangsulane Jiman sajak ngeling-iling. “Niku lak ngeten. Pas niku kula saweg dikengken ngresiki suket kados ngeten niki teng niku lhe, griya enggal madhep ngidul Jalan Pemuda desa Kalianyar niku.”

“Ooo, griya anyar cet ijo ndhog kontul sing adhep-adhepan kalih warung kopi niku ta?” pamunggele Anton negesake.

“Lha nggih, niku. Pas kula ngresiki suket ten nggriya niku, kula diselang Mbok Nah babune sing gadhah griya mriku ndadoske kunci. Kula nggih budhal wong kula disukani tambah opah.

Nek mboten kleru kuncine enten tiga kok nika!” keterangane Jiman sinambi ngempak rokok maneh. (JB KD No.4 kaca 7-8)

Andharan kasebut nuduhake yen Anton nakoni Jiman yen Jiman tau ndandakake kunci ing jalan Rajawali. Miturut katrangan Jiman, kira-kira wis telung minggu Jiman ndandakake kunci kasebut. Nalika iku, Jiman sing lagi ngresiki suket ing omahe wong dheweke dikongkon Mbok Nah babune sing nduwe omah kasebut. Mbok Nah ngongkon ndandakake kunci cacah telu lan ditambahi opah. Jiman banjur budhal ndandakake kunci cacah telu kasebut ing jalan Rajawali.

Katrangan saka Mbok Nah

Anton isih durung mangerteni pawongan sing mateni Mbakyune yaiku Lisa. Miyak raja pati iki ora suwe bakal kecekel wong sing mateni Lisa. Miturut saksi sing menehi katrangan, siji mbaka siji Anton wis oleh dalan kanggo mangerteni pawongan sing mateni Mbakyune. Sawise golek katrangan saka Jiman, Anton mbacutake golek katrangan saka Mbok Nah. Mbok Nah sing omahe ing Ngrawareja Gang Gondhang pinggir rel bengkong omah pojok, banjur diparani Anton. Sawise Anton mudhun saka mobil. Tuku rokok rong pak karo gorengan selawe ewu ing bakul gorengan sacedhake Anton markir mobile ma uterus mlaku tumuju grombolan sing padha cangkruk ing bruk mau. Pancen bintang kanthi track-record apik, sing SPN uga didhidhik supel, dadi kepethuk pawongan sing durung kenal barang ya bisa grapayak luwes ora canggung. Sawise Anton teka omahe Mbok Nah, dheweke goleki Mbok Nah kanthi alasan golek pembantu kanggo ngresiki omahe. Cuplikane ing ngisor iki.

“Inggih Mbok Nah. Kriyen nika kula lak nyuwun tulung Pak Jiman ngresiki kalenan ngajeng griya kula. Ibu kula priksa lajeng pas Pak Jiman istirahat dipun jak ngobrol. Lha kados pundi critane kok terus ibu utusan kula kapurih naros penjenengan. Ning kok penjenengan sampun ndherek Bu Titin. Lak nggih mboten sekeca. Lajeng Bu Titin niku sinten, Mbok?”

“Eee, Den Titin niku griyane Kalianyar mrika lhe. Tiyangete suae, blaba saestu. Ning emane kiyambake niku dados garwa eneme tiyang sing asmane Den Citra sing gadhah perusahaan penggergajiyan kayu sing garwane sepuh dipejahi tiyang niku lhe Gus.”

“Seda dipun pejahi tiyang?” pamunggule Anton.

“Inggih Gus, mosok njenengan mboten miring berita niku. Rame, Gus!” (JB KD No.6 kaca 12)

Andharan mau nuduhake yen Anton njaluk tulung Mbok Nah kanggo ngresiki omahe. Anton bisa mangerteni Mbok Nah amarga saka Jiman sing tau dijaluhi tulung ngresiki kalenan ngarep omahe. Jebule Mbok Nah wis nyambut gawe marang Bu Titin. Banjur kanthi ora diweruhi Mbok Nah yen lagi ditakoni Polisi, Anton takon yen Bu Titin kuwi sapa. Mbok Nah mangsuli yen Bu Titin omahe Kalianyar, watake becik lan blaba. Titin mung dadi bojo enome wong sing jenenge Citra sing nduwe

perusahaan penggergajiyan kayu sing bojo tuwane mati dipateni wong. Keprungu katrangan Mbok Nah, Anton etok-etok ora mangerteni pawarta ngenani wong sing dipateni kasebut.

Sujana marang Durjana

Poerwadarminta (1939:571) ngandharake yen sujana yaiku wong pinter, dene sajrone basa Jawa, sujana nduweni teges curiga. Wong kang curiga karo wong liya nduweni panyebab tartamtu.

Sesambungan saka bab kasebut, sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* iki uga ngandharake bab sujana marang durjana. Wong kang sujana ing kene yaiku Anton minangka polisi lan wong kang durjana sing disujanani yaiku Titin lan Gembong. Polisi minangka aparat panegak ukum negara kang tuhuwane kanggo menahi pangayoman masyarakat. njaga katertiban lan keamanan sarta ngilangake kadurjanan. Wong sing nindakake kadurjanan sajrone bebrayan bakal nduweni urusan karo polisi. Sajrone ngayahi jejibahane, wis lumrah yen polisi nduweni rasa sujana marang wong durjana kang disujanani sajrone perkara kasebut. Cundhuk karo bab kuwi mau, sajrone *cerbung Kunci Dhuplikat* kang gegayutan karo raja pati iki, polisi mbacutake jejibahane kanggo miyak perkara raja pati. Sawise antuk katrangan saka saksi-saksi kang wis diintrogasi, banjur polisi nduweni rasa sujana marang Titin lan Gembong minangka wong durjana sing mateni Mbakyune. Anton tetep golek cara kanggo nyilidhiki pawongan sing ditutne Andharan kasebut kapethik ing ngisor iki.

Anton ngenam pikiran golek cara nyilidhiki pawongan sing lagi wae ditutake mau. Ing pangangen-angene, kebak pitakon. Saumpama pawongan mau ana gandheng cenenge karo sedane mbakyune...jarak saka omah nomer 36 mau karo omahe mbakyune, yen mlaku paling ora mung butuh wektu paling suwe rong puluh menit. Lha yen sepedha motoran? (JB KD No.7 kaca 13)

Andharan mau ngandharake yen Anton isih golek cara kanggo nyilidhiki pawongan sing ditutke. Anton nduweni pangangen-angen yen pawongan sing ditutke, ana gandheng cenenge karo babagan raja pati kang lagi digoleki iki. Miyak perkara kang njalari raja pati iki Anton ora dhewe kanggo ngrampungake. Anton direwangi kanca-kancane minangka polisi.

Raja Pati sajrone Kanyataning Bebrayan

Bab pungkasan iki bakal ngandharake raja pati sajrone kanyataning bebrayan kang gegayutan karo cerbung *Kunci Dhuplikat*. Gegayutan karo bab kuwi mau, Nurgiyantoro (2010:100) ngandharake yen sajrone riptan sastra mligine karya sastra fiksi kerep tinemu kedadeyan-kedadeyan lan prekara kang diwedhar utawa dicritakake kaya-kaya bener ana lan dumadi. Crita lan fakta yen dijingglengi nduweni gegayutan kang raket, jalaran nalika ngripta riptan sastra adhedhasar kedadeyan-kedadeyan lan samubarang kang nyengkuyung crita kang diripta bisa dumadi. Raja pati sajrone kanyataning bebrayan iki bakal

ngandharake (1) melik donya rajabrana, (2) tumindak culika, (3) menyang dhukun, (4) tumindak sedheng, (5) dhiskusi analisis.

Raja pati lan tindak culika kang kedadeyan sajrone *cerbung Kunci Dhuplikat* sing wis diandharake mau nduweni gegayutan kalawan kedadeyan kang nyata sajrone urip bebrayan. Rriptan sastra mujudake sawijining gejala sosial, mula ora mokal yen sawijine karya sastra mujudake kaca pangilon tumrap urip sajrone bebrayan. Saka andharan ngenani raja pati sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* bakal digayutake kalawan kahanan utawa kedadeyan sing nyata sajrone urip bebrayan kayata internet, medhia sosial, kalawarti lan koran. Bab kasebut bakal dijlentrahe ing ngisor iki.

Melik Donya Rajabrana

Melik donya lan rajabrana mujudake sipat manungsa kang sarwa kurang tanpa ana wewatesane. Melik donya lan rajabrana mujudake sipate manungsa kang kepengin bandha donya lan rajabrana. Manungsa sajrone bebrayan, akeh sing nduweni sipat kasebut. Dheweke ora nrima apa kang diwenahi Gusti Pangeran. Manungsa kang melik donya lan rajabrana kalebu manungsa kang morale ala. Manungsa kudune nrima kahanan kang samesthine.

Kepengin urip kepenak kanthi cara apa wae kang dilakoni, kalebu kedadeyan bocah SMA kang mateni bocah SD amarga kepengin kalunge. Bab kasebut pancen kedadeyan sajrone bebrayan. Pendhidhikan moral saka wong tuwa kuwi wigati. Wong tuwa yen salah ndhidhik anak, mula anak nduweni moral ala. Suwalike, yen wong tuwa kasil ndhidhik anak kang apik, mula anak uga nduweni moral kang apik. Anak yen thithik morale, bakal nindakake kedadeyan kang nerak ukum sajrone bebrayan. Gegambaran nyata kasebut kapethik ing ngisor iki.

“ **Tangerang** – Siswi SMA nekad mateni lan ngrampas rajabrana duweke bocah SD. Rasa sujanane kulawarga kawiwitan nalika ngedusi mayat nurfadilah lan nyawang giwang kang biyasane ana nanging ilang, saka katrangan kulawarga polisi ngamanake AM siswi SMA tanggane korban. Miturut AM dheweke lara ati amarga ibune korban asring ngilokake ora nduwe rajabrana, lara ati banget ndadekake AM nduweni niat jahat marang nurfadilah. AM ngaku marang polisi yen dheweke mapak korban sawise mulih sekolah lan ing tengah dalan dheweke ngrampas giwange korban lan njegurake ing njero sumur tuwa kang njerone 4 meter. (Harianregional.com, 4 Juni 2017:10.50 WIB)

Terjemahan :

“ **Tangerang** - Seorang siswi SMA nekad membunuh dan merampas perhiasan milik seorang bocah SD. Kecurigaan keluarga bermula saat memandikan jenazah nurfadilah dan melihat anting yang biasa menghiasinya telah raib, dari keterangan keluarga polisi mengamankan AM

siswi SMA yang merupakan tetangga korban. Kuat dugaan AM sakit hati lantaran ibu korban kerap mengejeknya tidak memiliki perhiasan, sakit hati yang memuncak membuat AM gelap mata hingga berniat jahat pada nurfadilah. Kepada polisi AM mengaku menjemput korban sepulang sekolah dan di tengah perjalanan merampas anting korban dan menceburkannya ke dalam sumur tua sedalam 4 meter. (Harianregional.com, 4 Juni 2017:10.50 WIB)

Pethikan mau ngandharake yen ing Tangerang, siswi SMA kang nduweni inisial AM nekad mateni lan ngrampas rajabrana duweke bocah SD yaiku nurfadilah. Dheweke bisa mateni korban, amarga lara ati yen wong tuwane korban ngilokake ora nduwe rajabrana. Kedadeyan kasebut kawiwitan saka AM mapak sekolah korban lan ing tengah dalan, dheweke ngrampas giwang lan njegurake ing njero sumur tuwa kang njerone 4 meter.

Tumindak Culika

Cerbung Kunci Dhuplikat diandharake raja pati lan tindak culika kang dadi rugine wong liya. Urip sajrone bebrayan kudu nduweni sipat kang becik lan kudune nriman apa kang wis diduweni. Wong urip mesthi wae kepengin urip penak kanthi kemul bandha, nanging kudune nyambut gawe supaya uripe tansah ora kurang.

Kepengin urip kepenak kanthi cara apa wae kang dilakoni, kalebu kedadeyan anak kang mateni wong tuwane amrih bisa antuk bandha warisan saka wong tuwane. Bab kasebut mujudake kedadeyan sing nyata ing tengahe urip bebrayan. Anak kang wis digedhekake wong tuwane kudune malah ngormati lan bisa njunjung dhuwur wong tuwane, ora malah wong tuwane dipateni. Gegambaran kedadeyan nyata ngenani anak mateni wong tuwa supaya antuk bandha warisan bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Bandung – Raja pati ditindakake ing omahe wong tuwane Maria ing Kampung Pangauban, R01/11, Desa Pangauban, Kecamatan Katapang, Kabupaten Bandung, Setu antara jam 03.00. Kapolres Bandung AKBP Jamaludin ngandharake, Maria mateni wong tuwane direwangi bojone Nikolas Ngationo (43). “Motif raja pati ana sambung rakete karo bandha warisan korban kang dipaksa ndadekake wong durjana tega mateni wong tuwane,” wangsulane Jamaludin lumantar telepon. (Kompas.com, 17 April 2017:18.40 WIB)

Terjemahan :

“Bandung - Pembunuhan dilakukan di rumah orangtua Maria di Kampung Pangauban, R01/11, Desa Pangauban, Kecamatan Katapang, Kabupaten Bandung, Sabtu sekitar pukul 03.00. Kapolres Bandung AKBP Jamaludin mengatakan, Maria membunuh kedua orangtuanya dibantu oleh suaminya, Nikolas

Ngationo (43). “Motif pembunuhan diduga terkait harta warisan korban yang diminta paksa oleh tersangka sehingga membuat pelaku tega membunuh kedua orangtuanya,” ujar Jamaludin melalui sambungan telepon. (Kompas.com, 17 April 2017:18.40 WIB)

Pethikan kasebut ngandharake yen Maria mateni wong tuwane kanthi direwangi bojone yaiku Nikolas Ngationo ing omahe wong tuwane Maria, Kampung Pangauban. Raja pati kasebut bisa dumadi amarga ana gegayutane karo bandha warisan korban. Maria kang kudune bisa ngormati wong tuwane malah tega mateni amrih bisa bandha warisan wong tuwane.

Menyang Dhukun

Kepengin urip kepenak kanthi cara apa wae kang dilakoni, kalebu kedadeyan bapak sing ngruda peksa anake wadon amarga antuk saran saka dhukun. Bab kasebut mujudake kedadeyan sing nyata sajrone bebrayan. Wong tuwa kudune ngayomi anake, ora malah nindakake bab kang nerak norma lan ukum. Gegambaran kedadeyan nyata kasebut bisa dideleng pethikan ing ngisor iki.

“Surabaya – Sephia ngandharake dheweke kepengin banget njupuk bandha warisan Donwori kang cacahé puluhan miliar rupiah. Donwori nduweni lemah ing sekitare kawasan Simo Gunung arah tol 1 hektare. Ana maneh ing kawasan Gunung Anyar kang luwih amba antara 2 hektare kang saiki ora dirumat. Donwori wis owah dadi priya linglung. Wiwitane Sephia ora tau ngakoni panyebab bojone dadi linglung. Amarga dheweke lagi wae dirabi Donwori pitung taun kapungkur. Sadurunge, Donwori rabi karo Karin. “Aku ora gelem kalah karo anak-anake. Aku kepengin sugih, mula aku njampi-njampi dheweke marang Dhukun”, wangsulane. Supaya ilmu dhukune manjur, saben malem Jemuwah Kliwon, Sephia nekani dhukun ing Tuban, dheweke nyuwun sesajen kanggo disebarake ing kamare. “Supaya ilmune luwih awet maneh, sepurane rada nggilani, aku nggawe getih reged lan tak ombekne marang dheweke. Buktiye yen ora percaya bojo bakal manut karo awake dhewe,” wangsulane karo ngguyu. (http://equator.co.id/istri-buat-linglung-suami-pakai-darah-haid-demi-harta-warisan/, 30 Mei 2017 : 19.43 WIB)

Terjemahan :

“Surabaya - Sephia mengungkapkan sangat ingin segera mengambil seluruh harta warisan Donwori yang jumlahnya mencapai puluhan miliar rupiah. Donwori memiliki tanah di sekitar kawasan Simo Gunung arah ke tol hampir 1 hektare. Belum lagi tanah di kawasan Gunung Anyar yang lebih luas sekitar 2 hektare yang kini tak terawat. Donwori telah berubah menjadi pria linglung. Awalnya, Sephia tak pernah mengakui

penyebab suaminya jadi linglung. Sebab, dia baru dinikahi Donwori tujuh tahun silam. Sebelumnya, Donwori menikah dengan Karin. "Saya tidak mau kalah sama anak-anaknya. Saya mau kaya. Makanya, saya jampijampi dia ke dukun," jelasnya. Supaya ilmu dukunnya manjur, setiap malam Jumat Kliwon, Sephia mendatangi dukun di kawasan Tuban, dan meminta sesaji untuk disebarkan di kamarnya. "Supaya ilmunya lebih awet lagi, sorry ya agak jorok, saya pakai darah haid dan saya minumkan ke dia. Kalau tidak percaya, buktikan. Suami bakal nurut dengan kita," katanya seraya tersenyum. (<http://equator.co.id/istri-buat-linglung-suami-pakai-darah-haid-demi-harta-warisan/>, 30 Mei 2017 : 19.43 WIB)

Pethikan pawarta kasebut ngandharake yen Sephia kepengin banget njupuk bandha warisane Donwori kang akeh banget. Ora mung dhuwit, nanging uga lemah sekitare kawasan Simo, Gunung. Sephia kepengin antuk bandhane Donwori kanthi cara ndadekake Donwori linglung. Sephia ora kepengin kalah karo anak-anake, dheweke kepengin sugih kanthi cara mara menyang dhukun supaya bisa njampi-njampi Donwori. Saben malem Jemuwah Kliwon, Donwori nekani dhukun ing Tuban kanthi cara getih reregadane diombekake marang Donwori supaya manut marang Sephia.

Tumindak Sedheng

Sedheng mujudake tumindak kang sesambungan asipat werdi. Wong sing nindakake bakal nyingitake sesambungane mau supaya wong liya ora mangerteni. Gegambaran kasebut kapethik ing ngisor iki.

"Sidoarjo – Haris Cahyono bisa ditegesi raja tega. Dheweke tumindak sedheng karo Dara (dudu jeneng asli) yaiku bojone kancane dhewe. Ora mung kuwi, jaka 27 taun kasebut uga nguras ATM duweke Dara. Tindak pidana kasebut ditindakake Haris sawetara wektu sawise Dara mati amarga ngalami kacilakan lalu lintas. Kedadeyan kuwi nggawe patine Dara. Haris sing nyopir motor mung ngalami tatu. Nalika Dara ditinggalake kang awake wis kaku. Sadurunge mulih, Haris uga nggondhol barang-barang duweke Dara. "Ana kartu ATM lan rajabrana kalung lan ali-ali," kandhane lirih. Nalika mulih, Haris nguras isi ATME Dara. Dheweke narik dhuwit Rp 2 yuta. Alasane dhuwit kasebut digunakake kanggo kaperluwan pangobatan. Amarga durung cukup, sesoke dheweke mbalik njupuk tabungane Dara kang cacahé Rp 1,9 yuta "Kanggo kaperluwan sadina-dina" wangsulane Haris. (<http://fajar.co.id/2017/04/01/tega-kuras-harta-selingkuhan-yang-tewas-kecelakaan/>, 30 Mei 2017 : 19.17 WIB)

Terjemahan :

"**Sidoarjo** - Haris Cahyono boleh dikata raja tega. Dia berselingkuh dengan Dara (nama samaran) yang merupakan istri temannya sendiri. Bukan hanya itu. Pemuda 27 tahun tersebut juga menguras ATM milik Dara. Yang membuat geleng-geleng kepala, tindak pidana tersebut dilakukan Haris beberapa jam setelah Dara tewas akibat mengalami kecelakaan lalu lintas. Nahas, insiden itu merenggut nyawa Dara. Haris yang mengemudikan motor hanya mengalami luka ringan. Saat itu dia meninggalkan Dara yang terbujur kaku begitu saja. Eh, sebelum pulang, Haris juga menggondol barang-barang berharga milik Dara. "Ada kartu ATM dan perhiasan. Kalung dan cincin emas," ucapnya lirih. Di tengah perjalanan pulang, Haris menguras isi ATM Dara. Dia menarik uang Rp 2 juta. Alasannya, uang itu digunakan untuk keperluan pengobatan. Belum cukup sampai di situ, esoknya dia kembali mengambil tabungan Dara. Jumlahnya Rp 1,9 juta. "Untuk keperluan sehari-hari," kata Haris. (<http://fajar.co.id/2017/04/01/tega-kuras-harta-selingkuhan-yang-tewas-kecelakaan/>, 30 Mei 2017 : 19.17 WIB)

Pethikan kasebut ngandharake yen Haris Cahyono kang umure 27 taun tega marang kancane. Dheweke nglakoni tumindak sedheng karo Dara, bojo kancane dhewe. Kanthi cara kasebut, Haris nguras ATM duweke Dara. Dara mati amarga ngalami kacilakan nalika sing nyopiri motor Haris, nanging Haris mung ngalami tatu. Ora mung ngurasa ATM duweke Dara kang cacahé 2 yuta, nanging uga nggondhol barang-barange Dara kayata rajabrana kalung, ali-ali lan njupuk tabungane Dara cacahé 1,9 yuta.

Dhiskusi Analisis

Andhedhasar andharan-andharan sadurunge, nuduhake 1) kalungguhane raja pati lan tindak culika, 2) kaculikan kawedhar, 3) raja pati kawedhar, 4) raja pati sajrone kanyataning bebrayan. Senadyan wis nuduhake patang bab kasebut, andharan mau durung nyethakake rong bab kang dianggep punjer saka panliten iki. Rong bab kasebut yaiku raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*, raja pati lan tindak culika sajrone kanyataning bebrayan. Perangan saka rong bab kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Raja Pati lan Tindak Culika sajrone Cerbung *Kunci Dhuplikat*

Sesambungan karo raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* anggitane JMV Sunarjo kanthi tintingan sosiologi sastra mau, ana saperangan paraga kang nindakake raja pati lan tindak culika supaya bisa nguwasani bandhane Lisa. Paraga kasebut yaiku Citra minangka bojone Lisa, Titin minangka bojo kalorone Citra lan Gembong minangka bojo lawase Titin. Telung paraga

kasebut kanthi cara apa wae nindakake upaya supaya bisa nguwasani bandhane Lisa. Citra kang wiwitanane mung karyawan bapake Lisa ing perusahaan penggergajian kayu nduweni kepinginan urip kepenak kanthi cara mara menyang dhukun lan ndandekake Lisa bojone. Upaya kang ditindakake Citra kasebut kasil dilakoni. Paraga liyane yaiku Titin lan Gembong kang uga kepingin urip kepenak kemul bandha donya kanthi cara nindakake sandhiwara yaiku wong loro kasebut pisah, banjur Titin dikongkon rabi karo Citra kanthi cara mara menyang dhukun uga. Nyatane, upaya-upaya kang dilakoni kasebut kasil. Sawise upaya kasebut kasil, paraga Titin lan Gembong nduweni rancangan kanggo mateni Lisa kang dianggep dadi wong sing bisa ngalangi nguwasani bandhane Citra, kamangka wong loro kasebut ora mangerteni yen bandhan kasebut dudu duweke Citra, nanging bandha kasebut duweke Lisa. Upaya kang dilakoni Titin lan Gembong sadurunge mateni Lisa, yaiku kanthi cara nindakake kaculikan. Wong loro kasebut ora langsung mateni ngono wae nanging uga nindakake kaculikan supaya yen ora dimengerteni wong liya yen dheweke sing dadi wong durjana sing mateni Lisa.

Bab kasebut durung mari ngono wae, sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* iki polisi nyidhiki wong-wong kang disujanani mateni Lisa. Polisi kanthi cara apa wae miyak kadurjanan iki. Polisi kasil antuk katrangan saka saksi-saksi. Saksi-saksi kasebut dianggep bisa menahi pambiyantu kanggo miyak kadurjanan kang sesambungane raja pati lan tindak culika.

Raja Pati lan Tindak Culika sajrone Kanyataning Bebrayan

Kedadayan kasebut diteliti saka adhedhasar panliten iki yaiku, saka buku-buku panyengkuyung, kalawarti, koran, tv lan internet. Buku-buku panyengkuyung kasebut ateges buku-buku kang nyengkuyung kang sesambungan karo sastra, raja pati lan tindak culika. Buku-buku kasebut yaiku *Kejahatan dan Penyimpangan Suatu Perspektif Kriminologi, Krimonologi, Sastra dan Cultural Studies Representasi Fiksi dan Fakta, Paradigma Sosiologi Sastra* lsp. Koran kang dadi sumber dhata sekunder yaiku kompas, solo pos, lsp. Internet kang dadi sumber dhata sekunder yaiku harianregional.com, merdeka.com, metronews.com lsp. Saka sumber dhata kasebut, ngandharake bab raja pati lan tindak culika amarga kepingin antuk warisan bandha lan urip kepenak tanpa nyambut gawe kang rekasa.

Sumber dhata kasebut ora mung kedadayan sajrone bebrayan Jawa, nanging uga sajrone bebrayan luwar Jawa lan ana kedadayan ing luwar Indonesia. Raja Pati lan Tindak Culika ing luwar Jawa lan luwar Indonesia kasebut kedadayan ing kutha Surabaya, Sidoarjo, Tangerang, Palembang, Depok, Sukabumi, Banjarmasin, Bandung, New York, Bali, Jepang, Mumbai.

Raja Pati lan Tindak Culika kang kedadayan sajrone bebrayan luwar Jawa lan Indonesia, mratandakake yen nepsu lan kepinginanane manungsa kuwi padha. Tegese, manungsa pancen nduweni kepinginan kanggo urip kepenak, kemul bandha donya lan tanpa nyambut gawe kang sara.

PANUTUP

Dudutan

Dudutan saka andharan asile panliten bab *Raja Pati lan Tindak Culika sajrone Cerbung Kunci Dhuplikat anggitane JMV Sunarjo kanthi Tintingan Sosiologi Sastra* kaperang dadi papat. Perangan kang sepisan, kalungguhae raja pati sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* kang diperang dadi loro yaiku 1) panindake kaculikan kang diperang dadi loro yaiku menyang dhukun, kang njlentrehake paraga Citra lan Titin mara menyang dhukun lan tumindak sedheng, 2) panindake raja pati. Raja pati lan tindak culika kalebu tumindak kang kang dadi kapitunane liyan.

Perangan kaping pindho yaiku panliten iki njlentrehake kaculikan kawedhar sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* kang bisa diperang dadi loro yaiku 1) poligami minangka sarana 2) melik nggendhong lali, mujudake sipat manungsa kang sarwa kurang tanpa ana wewatesane. Raja pati lan tindak culika mujudake bab kang nglanggar ukum pidana, saliyane iku bisa gawe kapitunane liyan.

Katelu yaiku paniten iki ngandharake raja pati kawedhar sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* kang diperang dadi lima yaiku 1) katrangan saka Pak War, 2) katrangan saka tukang kunci, 3) katrangan saka Jiman, 4) katrangan saka Mbok Nah, 5) miyak kadurjanan, kang ngandharake sujana marang durjana lan durjana kapitut.

Andharan pungkasan yaiku ngenani raja pati sajrone kanyataning bebrayan kang kinandhut sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat*, diperang dadi lima yaiku 1) melik donya rajabrana, 2) tindak culika, 3) menyang dhukun, 4) tumindak sedheng, (5) dhiskusi analisis. Wujud raja pati sajrone kanyataning bebrayan iki diandharake kanggo nuduhake yen karya sastra uga kedadayan sajrone realita sosial. Paraga-paraga kang nindakake kadurjanan sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* iki dikarepake bisa menahi piwulang kang becik tumrap bebrayan, amarga apa wae kang dilakoni manungsa wiwit kadurjanan kang cilik lan gedhe, bakal antuk piwalesan arupa ukuman gumantung apa kang wis ditindakake.

Raja pati lan tindak culika kalebu tumindak kang ala lan bisa gawe kapitunane liyan. Tumindak kasebut dilakoni amarga manungsa nduweni kepinginan kang kudu bisa kalaksanan. Manungsa tetep nglakoni cara apa wae supaya bisa nggayuh apa kang dikepengini, senadyan usahane iku nerak norma lan ukum sajrone bebrayan.

Pamrayoga

Raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* iki pancen narik kawigaten kanggo diteliti. Panliten iki mujudake panliten kang isih adoh saka kasampurnan, amarga isih ana perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Panliten iki nggunakake tintingan sosiologi sastra sing ana sesambungane karo kanyatan sajrone bebrayan. Panliten ngenani raja pati lan tindak culika isih perlu ditindakake kanggo mangerteni tumindak kang njalari kadurjanan sajrone reriptan sastra mligine sastra Jawa modern.

Panliten ngenani kadurjanan mligine raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* anggitane JMV Sunarjo iki isih ana kekurangan lan kaluputane, mula panliti nduweni pangajab yen panliten bacute bisa ditindakake kanthi luwih sampurna. Tumrap para pamaca

diajab bisa nambahi kawruh ngenani kadurjanan sajrone cerbung, cerita rakyat, cerkak lan saliyané kuwi panliti bacute uga bisa nindakake panliten ngenani kadurjanan mliline raja pati lan tindak culika sajrone geguritan lan asil reiptan liyané. Asile panliten iki bisa didadekake bahan rujukan sajrone pasinaon sastra mliline sastra Jawa sajrone perguruan tinggi. Asile panliten iki diajab bisa digunakake sarana kanggo njembarake kawruh babagan raja pati lan tindak culika sajrone cerbung *Kunci Dhuplikat* kanthi tintingan sosiologi sastra.

KAPUSTAKAN

- Abdulsyani. 1987. *Kejahatan dan Penyimpangan Suatu Perspektif Kriminologi*, Jakarta: Bina Aksara
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian (Suatu Pendekatan Praktik)*. Jakarta: Rineka Cipta
- Dirdjosisworo, Soedjono. 1973. *Doktrin-doktrin Kriminologi*. Bandung: Alumni
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra*, Yogyakarta: Pustaka Widayutama
- , 2013. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Ensiklopedi Sastra Jawa. 2015. Yogyakarta: Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan Balai Bahasa
- Faruk. 2013. *Pengantar Sosiologi Sastra dari Strukturalisme Genetik sampai Post-modrenisme*. Yogyakarta: Pusaka Pelajar
- Geertz, C. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Hardjana, Andre. 1994. *Kritik Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia
- Kartono, Kartini. 2007. *Patologi Sosial Jilid I*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada
- Koentjaraningrat. 1994. *Metode-metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: Gramedia
- KBBI (*Kamus Besar Bahasa Indonesia*). 1990. Jakarta: Balai Pustaka
- , 2008. Jakarta: Balai Pustaka
- Luxemburg, Jan Van, dkk. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra*. diterjemahkan oleh Dick Hartoko. Jakarta: Gramedia
- Martono, Nanang. 2012. *Sosiologi Perubahan Sosial Perspektif Klasik, Modern, Posmodern, dan Poskolonial*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada
- Moleong, Lexy J. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Matthew, Miles B. dan Huberman, A Michael. 1992. *Analisis Data Kualitatif*. Jakarta: Universitas Indonesia
- Najid, Muh. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Prawoto, Poer Adhie. 1991. *Keterlibatan Sosial Sastra Jawa Modern*. Solo: Tri Tunggal Tata Fajar
- Ratna, Nyoman Kutha. 2007. *Sastradan Cultural Studies Representasi Fiksi dan Fakta*. Yogyakarta: Pustaka Belajar

- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Santoso, Topo dan Eva Achjani Zulfa. 2013. *Kriminologi*. Cet. 13. Jakarta: Rajawali Pers
- Semi, Atar. 1985. *Kritik Sastra*. Bandung: Angkasa
- Siswanto. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Sudaryanto, Pranowo. 2011. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Basa Jawa
- Suwarni. 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara
- Wellek, Rene & Austin Werren. 2014. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.

Sumber Internet :

- <https://id.wikipedia.org/wiki/Poligami>
- <https://sandiagauno.wordpress.comhttp://equator.co.id/istri-buat-linglung-suami-pakai-darah-haid-demi-harta-warisan/>
- <http://fajar.co.id/2017/04/01/tega-kuras-harta-selingkuhan-yang-tewas-kecelakaan>
- <https://id.wikipedia.org/wiki/Pembunuhan/2012/05/23/sisi-kelam-pengusaha-muda-sandiaga-uno/>
- <https://simomot.com/2014/11/19/cck-cck-demi-harta-warisan-nenek-di-jepang-bunuh-tujuh-suaminya/>

Sumber Skripsi Panliten kang Saemper :

- Diniati, Sari Eka. 2016. *Kadurjanan Sajrone Cita Rakyat Lebur Ing Borobudur Anggitane Hastarahardjo Tintingan Sosiologi Sastra*. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Miyanti, Eka. 2012. *Kadurjanan Sajrone Cita Temanten Adus Getih Anggitane Sri Adi Harjono Tintingan Struktur Lan Aspek Sosiologis*. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Nadziroh, Ainin. 2016. *Kadurjanan sajrone Novel Daharu ing Loji Kepencil Anggitane Suparto Brata tintingan psikologi sosial*. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Wulandari, Dyah Tri. 2015. *Miyak Kadurjanan Sajrone Cerbung Getih Sri Panggung Anggitane Kuku S. Wibowo tintingan struktural*. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya